



Pou Piblikasyon Imedya: 20/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AKREDITASYON NAN JESYON IJANS NASYONAL KONPLÈ POU NEW YORK

Akreditasyon an Make Twazyèm Fwa ke New York Depase Nòm Nasyonal yo nan Jesyon Ijans

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Eta New York reyalize akreditasyon konplè nan Pwogram Akreditasyon nan Jesyon Ijans (Emergency Management Accreditation Program, EMAP) Nasyonal la. Sa a make twazyèm fwa depi 2004 ke New York reyalize avèk siksè akreditasyon pou pwogram nan jesyon ijans li yo epi li depase nòm ke pwogram ki rekonèt o nivo nasyonal la te etabli. Akreditasyon EMAP la valab pou senk ane. New York pral kontinye depase nòm nasyonal yo epi kontinye bati sistèm jesyon ijans li yo pandan l'ap prepare pou pwochen evalyasyon an.

"Pandan yon ijans, li enpòtan pou ekip repons leta ak lokal yo travay men nan men pou pwoteje Nouyòkè yo ak byen eta nou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Akreditasyon sa a se yon rezilta fòmasyon apwofondi ak vast evènman preparasyon ke ajans nou yo te antreprann pandan dènye deseni an, e mwen felisite pwofesyonèl jesyon ijans nou yo pou siksè sa ke yo byen merite".

Pwosesis akreditasyon an egzamine eleman pèsonèl yo, resous ak kominikasyon ki sòti nan divès ajans ak òganizasyon ki responsab pou prepare pou ak reponn a dezast. Pou yo ka reyalize akreditasyon an, yo dwe satisfè 64 nòm nasyonal yo, ke ekip evalyatè kalifye ki soti nan EMAP te evalye sou plas ak yon evalyasyon fas a fas. Sijè ke yo te kouvri nan evalyasyon an gen ladan idantifikasyon danje ak evalyasyon risk, planifikasyon ak pwosedi operasyonèl, jesyon ensidan, èd mityèl ak lojistik, kominikasyon ak alèt, fòmasyon ak egzèsis, evalyasyon ak aksyon korektif, etablisman ak enfòmasyon piblik ijans.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Homeland Security and Emergency Services) New York la, Patrick A. Murphy te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New York devlope youn pami pozisyon repons an ijans ki pi fò nan nasyon an. Pandan ke nou pa ka predi lè pwochen dezast la pral rive, nou ap itilize apwòch bon sans ak inovatè pou asire ke nou toujou rete pare pou reponn, kèlkeswa jan ijans lan ye. Nou fyè dèske nou reyalize akreditasyon sa a yon fwa ankò e nou pa ka tann pou nou kontinye kreye yon New York ki plis an sekirite epi ki plis asire".

Nick Crossley ki se Direktè Konte Hamilton lan, Ajans Jesyon Ijans Ohio ak Ajans Sekirite Enteryè ak Prezidan Komisyon EMAP la te deklare, "Konpliman pou Eta New York dèske li akonpli akonplisman enpòtan sa a nan jesyon ijans lè li resevwa

akreditasyon. Atravè angajman ak lidèchip yo, yo demontre anplwaye yo, sitwayen yo ak pati prenan yo ke pwogram yo a dirab epi serenite ak sekirite se yon priorite prensipal".

Peyizaj menas New York la se youn nan defi ki pi inik nan Etazini, pou fè li krisyal eta a kenbe yon pozisyon jesyon ijans ki solid epi ki efikas. Non sèlman popilasyon Vil New York ak wòl enpòtan li nan ekonomi peyi a fè li se yon sib prensipal pou teroris yo, men akòz pozisyon jeyografik eta a, Nouyòkè yo fè fas regilyèman a yon bann menas natirèl tankou inondasyon, siklòn, ak tònad. An fèt, depi 1954, New York resewa 97 deklarasyon ijans federal ak dezaz, youn nan pi gwo total nan nasyon an.

Depi lè li an fonksyon, Gouvènè Cuomo fè li vin yon pi gwo priorite pou elaji epi kontinye ranfòse operasyon repons an ijans nan tout eta a. Anba lidèchip li, New York te aplike yon kantite pwogram diferan, inisyativ ak resous pou akonpli objektif sa a. Nan ane 2015, Gouvènè a te anonse lansman NY Responds, ki se yon aplikasyon ki baze sou sit wèb ki pèmèt gouvènman lokal yo ak ajans leta yo soumèt ak pataje enfòmasyon enpòtan ki gen rapò ak dezaz, ki soti nan rapò ensidan ak demann resous yo rive nan swivi byen yo an tan reyèl ak swiv kondisyon meteyowolojik yo. Anplis de sa, Sistèm Jesyon Byen Eta New York la te aplike pou amelyore kapasite eta a pou swiv byen ak resous ki pi efikas anvan, pandan ak apre yon dezaz.

Nan ane 2014, Gouvènè Cuomo te lanse Kòporasyon Preparasyon Sitwayen (Citizen's Preparedness Corps) New York, ki ap chèche ekipe Nouyòkè yo ak zouti ak resous ki nesèsè pou prepare pou, reponn, ak rekipere yo de nenpòt kalite dezaz oswa ijans. Pandan chak kou, Nouyòkè yo aprann yon pakèt estrateji preparasyon ki sòti nan fason pou devlope yon plan ijans famiyal rive nan materyèl ijans sitwayen yo dwe kenbe an rezèv, pami lòt prekosyon esansyèl yo. Depi lè kreyasyon li an, plis pase 331,000 Nouyòkè acheve fòmasyon sa a, avèk yon total 73.378 moun ki te acheve fòmasyon sa a nan dènye ane a.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo \(DHSES\)](#) ap bay lidèchip, kowòdinasyon ak sipò pou efò y'ap fè pou nou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak katastwòf imèn yo, menas, ensandi ak lòt ijans yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [paj Facebook DHSES](#), swiv [@NYSDHSES](#) sou [Twitter](#), ak [Instagram](#) oswa ale sou dhSES.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)